ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№63 (22.971) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэIущIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-м и президент Якунин Владимиррэ

**Ипэlуэкlэ ахэр щыlащ «Налшык» гъущl гъуэгу вокзалым. Ар КъБР-м и щыхьэрым дэхыным теухуа Iуэхур мы зэманым яубзыху.**

КъБР-м и Iэтащхьэм «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-м и унафэщIым фIыщIэ хуищIащ республикэм жыджэру къызэрыдэлажьэм, гъущI гъуэгу IэнатIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъуным зэрегугъум папщIэ.

«Локобаскет-Школ лигэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и кIэух зэпеуэхэу Налшык щекIуэкIым и мыхьэнэм и гугъу щищIым КIуэкIуэ Юрий ар къиIуатащ 2015 гъэм щIалэгъуалэ спортым къыщыхъуа нэхъ Iуэхугъуэшхуэ дыдэхэм ящыщу. Зэпеуэхэм Урысейм и щIыналъэ 22-м я командэхэр, апхуэдэу Къырымымрэ Севастополь къалэмрэ къикIахэр иджы япэ дыдэу хэтщ.

Якунин Владимир жиIащ КъБР-м гъущI гъуэгу транспортым и IэнатIэм къыщыпэщыт къалэнхэр зэфIагъэкIыным нэхъри егугъуным зэрителъхьэр. Абы къыхигъэщхьэхукIащ Налшык къалэм щекIуэкI сабий-ныбжьыщIэ зэхьэзэхуэ ин дыдэхэм я къызэгъэпэщыкIэр игу зэрырихьар. «Дэ тщIэ псори зыхуэгъэзар къэкIуэну лъэхъэнэрщ. Илъэсипщl ипэкIэ жэрдэм къызэрыгуэкIкIэ къежьар нобэ зэпеуэ ин дыдэхэм хуэкIуащ»,- къыхигъэбелджылыкIащ «РЖД» ОАО-м и унафэщIым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Хэхыныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным щаIэ фIыщIэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

**Бещтокъуэ Хьэмидбий Лолэ и къуэм** - Бахъсэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым

**Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэм

**Эфендиев Заурбэч Ахья и къуэм** - Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м*
*№48-УГ*

## Я щытыкIэм уигъэгузавэркъым

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Налшык къалэ щыпсэу, угар газым къыпкърыкIа гъуэзыр зи узыншагъэм зэран хуэхъуа сабиищ зыщIэс унагъуэм я щытыкIэр и нэIэм щIэтщ.**

КЪЭХЪУА насыпыншагъэр къыхэкIащ Налшык къалэ Уммаевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэм газкIэ псыр зэрыщагъэхуабэ Iэмэпсымэм и жьы ихупIэр тэмэму зэрымылэжьэжым. ЦIыхуих сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ.

КIуэкIуэ Юрий Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхухэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым пщэрылъ щищIащ унэм и техникэ щытыкIэр тэмэму къапщытэну.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ зэрыжиIамкIэ, сабиищым, я анэр я гъусэу, Республикэ сабий сымаджэщым я узыншагъэр щызэфIагъэувэж.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Урысейпсо зэпеуэ





# ЩIэщыгъуэрэ гукъинэжу

**ШколакIуэхэм баскетболымкIэ я «Локобаскет-школ лигэ» урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ турнирым и 9-нэ кIэух зэпеуэр мэлыжьыхьым и 5-м Налшык щекIуэкIащ. ЩIалэхэм я зэхьэзэхуэм Челябинск областым къикIахэм, хъыджэбзхэм я деж Дон Iус Ростов щыщхэм бжьыпэр щаубыдащ. Турнирым еплъащ Урысейм и «ГъущI гъуэгухэр» ОАО-м и унафэщI Якунин Владимир, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм я Iэтащхьэхэу КIуэкIуэ Юрийрэ Евкуров Юнус-Бэчрэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР спортсмен пщащэ цIыкIухэм я зэIущIэкIэ къызэIуахащ. Абы щызэрихьэлIащ Дон Iус Ростов къикIахэмрэ Ставрополь къалэ щыщхэмрэ. Джэгугъуэм и япэрей пычыгъуэм тIэкIу махэу зыкъыщагъэлъэгъуами, Ростов къалэм къикIахэр къапэувахэм ящхьэдэхыжри, бжыгъэр 69:63-м нагъэсащ.

ЩIалэхэм я деж турнирым и кIэух зэIущIэм щызэрихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Челябинск областымрэ я командэ къыхэхахэр. Мы иужьрей зэпеуэм и пэ къихуэу абы щызэхуэзэну спортсменхэм Якунин Владимиррэ КIуэкIуэ Юрийрэ хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ.

А махуэм зэхьэзэхуэр щекIуэкI пэшышхуэм ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэмрэ бысымхэмрэ щIэмыхуэжыным хуэдизу куэд щызэрыгъэхъуат.

Турнирыр щIэщыгъуэрэ гукъинэжу зэрырагъэкIуэкIыным сыт и лъэныкъуэкIи хущIэкъуащ ар къызэзыгъэпэщахэр. Абыхэм, зэпеуэ-зэIущIэм и тайм-едзыгъуэ къэс зэпагъэуурэ, ныбжьыщIэ цIыкIухэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ спортсменхэм зрагъэгъэпсэхуащ, щIэсхэр трагъэуащ.



КъБР-м и командэмрэ Челябинск областым къикIа спортсменхэмрэ я зэпеуэр гъэщIэгъуэну икIи дахэу екIуэкIащ. Ди спортсменхэм зэкIэлъыкIуэу топитI матэм ирадзыха иужь, бысымхэм ядэщIхэм я бжыгъэр нэхъыбэж зэрыгъэхъуащ икIи, унащхьэр трачыным хуэдэу, я гуоуным нэхъри зрагъэIэтащ.

Пэшым щIэт кино-экранышхуэхэмкIэ зэпеуэхэр зэрекIуэкI щIыкIэри, блэкIа едзыгъуэхэм щыщу нэхъ гъэщIэгъуэну къалъытэхэри къагъэлъэгъуэжырт. Абыхэм уащриплъэжкIэ нэхъри гурыIуэгъуэ къэхъурт, турнирым и иужьрей зэIущIэр гуащIэ дыдэу зэрекIуэкIыр.

Бысымхэм ящыщу, топ нэхъыбэ матэм изыдзар Куртиди Михаилщ, кIэлъыкIуэу Нэбыт Аскэрщ. ГупитIыр апхуэдизу лъэщу зэпэщIэувати, бжыгъэр 69:65-м нахусащ икIи Челябинск областым къикIахэр текIуащ.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ, пщIэ зыхуэтщI спортсменхэ! Фэ нобэ къытхузэвгъэпэщащ зэныбжьэгъуныгъэмрэ зэрылъытэныгъэмрэ я мыхьэнэр кууу пхызыгъэкI спорт махуэшхуэ, - щыжиIащ зэхьэзэхуэр зэрызэхуищIыж и кIэух псалъэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. - Ар дахэу зэрекIуэкIар и фIыгъэщ «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-м. Щхьэхуэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт турнирыр дахэрэ екIуу егъэкIуэкIыным хэлIыфIыхьа цIыху щхьэхуэхэми, ар къызэгъэпэщыным зи мылъку хэзылъхьахэми. Нобэрей зэпеуэм фIым и фIыжу къыщыхэжаныкIахэу, Челябинск къикIа спортсменхэм сохъуэхъу дяпэкIи я ехъулIэныгъэхэм къахупищэну, етIуанэ увыпIэр зыIэрызыгъэхьа ди ныбжьыщIэхэми щытхъур яхуэфащэщ.

Турнирым щытекIуахэм тыгъэ лъапIэхэмрэ щытхъу тхылъхэмрэ иратащ.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● КъБР-м и Правительствэм

## Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм хоплъэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхэплъа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. «2014 гъэм республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам и IуэхукIэ» законым и проектым теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Лыхь Заур. Абы зэрыжиIамкIэ, бюджетыр сом мелард 24-рэ мелуан 357,8-рэ хъурт, ар сом мелард 26-рэ мелуан 461-кIэ ягъэзэщIащ. Налогым къыхэкIа мылъкур 2013 гъэм елъытауэ хэхъуащ - сом меларди 8-рэ мелуан 316-рэ хъуащ.**

2014 ГЪЭМ республикэ бюджетым щыщу егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным текIуэдар хуэдищкIэ нэхъыбэщ 2009 гъэм абыхэм хухахауэ щыта мылъкум нэхърэ. Лыхь Заур жиIащ Республикэ Перинатальнэ центрыр ухуэным хухаха ахъшэр сом мелардрэ мелуан 288,6-рэ зэрыхъур, ар бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм я мылъку зэхэлъым къызэрыхэкIар.

Сабий зеиншэхэр, адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ КъБР-м и щIыпIэ самоуправленэхэм Iэмал къахузэгъэпэщыным ехьэлIауэ къэпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Устэ Джульеттэ**.

- Сабий зеиншэхэм псэупIэ егъэгъуэтыным 2015 гъэм хухахынущ сом мелуани 135-рэ. Сом мелуан 93-р - республикэ бюджетым, сом мелуан 41-р федеральнэ мылъкум къыхэкIынущ, - жиIащ Устэм. Абы къыхигъэщащ сабий зеиншэ 978-рэ псэупIэ зэрыхуэныкъуэр.

«Республикэм и бюджетым Iэмал къызэрыдитым елъытауэ, илъэс къэс мылъку яхухыдох апхуэдэ сабийхэм унэ егъэгъуэтыным», - дыщIигъуащ **Мусуков Алий**.

Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэгурыIуащ республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэу а IэнатIэм къыщыхэжаныкIахэм саугъэт иратын папщIэ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу республикэ бюджетым ахъшэ къагъэкIуэну. Абы теухуа проектри къигъэнэIуащ Устэ Джульеттэ.

«Водоканал-анализ» къэрал IуэхущIапIэр КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэгъэувэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр утыку кърихьащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор**.

- Проектыр къэтщтащ Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, ФинансхэмкIэ, ЩIымрэ мылъкухэмрэ я IуэхухэмкIэ министерствэхэм я арэзыныгъэ хэлъу, - жиIащ министрым.

Налшык къалэ и уней мылъкуу щыта щIы Iыхьэ щхьэхуэхэр КъБР-м и къэрал мылъкум хэгъэхьэным, республикэм и къэрал мылъкуу щыта щIы Iыхьэ Бахъсэн къалэм етыным теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт**.

«Стоматологие Прохладнэ поликлиникэ» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и щIыкIэр хъуэжыным и IуэхукIэ проектыр къигъэнэIуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ**.

- Поликлиникэр дяпэкIэ автономнэ хъуащ, абы къокI IуэхущIапIэм къилэжь мылъкур езым еижу зэрыщытынур. Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ игъуэтынущ Налшык къалэ и зы поликлиники, - жиIащ къэпсалъэм.

ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и мылъкур 2014 гъэм зэрызригъэкIуам теухуауэ къэпсэлъащ абы и унафэщI **Мишковэ Иринэ**.

- 2014 гъэм щIыналъэ фондым и мылъкур гъэзэщIа хъуащ сом меларди 6-рэ мелуан 754,6-кIэ. Ар зыхухэхам трагъэкIуэдащ процент 96,6-кIэ икIи ахъшэкIэ сом меларди 6-рэ мелуан 693-рэ мэхъу. Мылъкум къыдэхуащ сом мелуан 61-рэ - игъэбелджылащ абы.

**НАФIЭДЗ Заремэ.**





## МыгурыIуэгъуэ гуэрхэр хэлъами

**УФ-м и Къэрал Думэм дыгъуасэ къыщыхалъхьащ щIыналъэхэм я унафэщIхэр пIалъитI нэхърэ нэхъыбэкIэ зэкIэлъыкIуэу я къулыкъум тетыну хуит зымыщI законопроект.**

Ар яхуэгъэзащ къэралым и Президентым а къулыкъум игъэувахэми, цIыхухэм IэIэткIэ а IэнатIэр зыхуагъэфэщахэми. Губернаторыр япэщIыкIэ къэрал унафэщIым игъэуварэ къыкIэлъыкIуэу абы цIыхубэм я дзыхь ирагъэзрэ а къулыкъум хахауэ арамэ, ар пIалъитI хъууэ къалъытэркъым икIи апхуэдэм Iэмал иIэщ зэкIэлъыкIуэу а къулыкъум илъэсипщIкIэ пэрытыну.

ХабзэщIэм и проектыр къыхэзылъхьар фракциплIым я унафэщIхэу Зюганов Геннадий (КПРФ), Жириновский Владимир (ЛДПР), Васильев Владимир («Урысей зэкъуэт»), Миронов Сергей («Захуагъэ здэщыIэ Урысей») сымэщ.

Мироновым къызэрыхигъэщамкIэ, хабзэщIэр къыхалъхьэн хуей щIэхъуар губернаторхэр хэхыным теухуа законым мыгурыIуэгъуэ гуэрхэр хэлъ зэрыхъуарщ.

«Абы къыхэкIыу, щIыналъэхэм я унафэщI куэдым къалъытэу хуежьащ ахэр игъащIэкIэ а къулыкъум тетыну хуиту. Уеблэмэ езыхэр хуеиху абы зэрыпэрытынум шэч къытезымыхьэхэри щыIэщ. Иджы мы законопроектым псори и пIэм ирегъэувэж», - жиIащ Мироновым.

## ЩIы щIагъым щыIэ къалэ

**Тыркум и Каппадокие щIыпIэм къыщагъуэтащ къэралым щынэхъ ин дыдэу къалъыта, илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, щIы щIагъым щаухуа къалэ.**

Абы щIэлъщ пасэрей зэманым къагъэсэбэпу щыта хьэпшып, Iэмэпсымэ куэдыкIей икIи ар цIыху мин бжыгъэ щыпсэуным хуэщIащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, къалэм еубыд метр зэбгъузэнатIэ мелуани 4,5-рэ.

НэхъапэIуэкIи Каппадокием къыщагъуэтауэ щытащ щIы щIагъ къалэ. Деринкующ абы зэреджэр. И инагъкIэ ар хуэдищкIэ нэхъ цIыкIут иджырейм нэхърэ.

♦**Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Рунетыр - урысыбзэр зи лъабжьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиIэр) къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**Руандэ къэралым щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** ЛъэпкъгъэкIуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Африкэм щыIэ а къэралым и унафэщIхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пIалъэкIэ лэжьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр ищIурэ, абы зэтриукIащ и бийуэ къилъытэхэр. ЦIыху мелуан ныкъуэм къыщыщIэдзауэ зы мелуаным нэс хэкIуэдауэ къалъытэ абы щыгъуэ.
♦Анагъэм, лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр щагъэлъапIэ Армением
♦1948 гъэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо организацэр (ВОЗ) къызэрагъэпэщащ.
♦Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и XXVI съездыр Москва къыщызэIуах.
♦ТхакIуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

ЛъэпкъIущыгъэ:

**Из зышхынум нықъуэ шхыкIэ ищIэркъым.**

● Хъуэхъу

## Мэзыхьэ Борис и махуэ лъапIэ

**УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист Мэзыхьэ Борис и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ ирокъу.**



ТХАКIУЭ, журналист цIэрыIуэм гуапэу дынохъуэхъу уи махуэ лъапIэмкIэ. Укъызыхэкlа лъэпкъым ухуэфащэу, абы и бзэр, и литературэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэшхуэхэр зэфIэбгъэкIыу уопсэури, узыншагъэ, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ уиIэу, уи зэфIэкIым хэмыщIу, уи гуащIэм зэрыпыпщэн гукъыдэж уиIэу, уи творческэ ехъулIэныгъэм къыпыпщэу, уи гур здэплъэм уи Iэр лъэIэсу иджыри илъэс куэдкIэ укъытхэтыну ди гуапэщ.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр.***

*Мэзыхьэ Борис и гъащIэм, и творческэ гъуэгуанэм нэхъ кууу щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ мыгувэу абы теухуауэ къыдэкIыну газет щхьэхуэм.*

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.



Совет сэлэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр бийм щахъумэ.





ЗауэлIхэр фронтым ирагъажьэ. *Налшык, 1942 гъэ*

# Ди адэжьхэм я хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ захудогъэщхъ

**1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр и текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъур лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым мыгувэу игъэлъэпIэнущ. Дэтхэнэ зым ди дежкIи ар махуэшхуэ лъапIэ дыдэщ икIи нэхущ. Шэч хэлъкъым, абы и мыхьэнэм зэи зэрыхэмыщIынум.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭ ИНЫР къыщахьа махуэ лъапIэр къызэрыунэхурэ зэман нэхъыбэ дэкIыхукIэ, нэхъ кууж зыхыдощIэ къэкIуэну дахэм, гъащIэр дунейм щефIэкIуэн папщIэ зэрахьа лIыгъэм и инагъыр. Дэтхэнэ зыми ди гущIэм къыщызэщIотаджэ гуфIэгъуэмрэ гуIэгъуэмрэ, пагагъымрэ лыузымрэ. ХэкIуэдахэм я фэеплъым, ди адэшхуэ-анэшхуэхэм мыкIуэдыж я хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ захудогъэщхъ. Дигу къыдогъэкIыж зауэ лыгъейм кIуэцIрыкIыфу, псори ягъэвыфу икIи яшэчыфу текIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр.

Гитлер зи пашэ Германиер зэтекъутауэ дуней псор фашизмэм къегъэлыным ехьэлIа псэемыблэж бэнэныгъэм, ди къэралым щыпсэу адрей лъэпкъхэми яхуэдэу, хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Ди щIыналъэм икIа адыгэ, балъкъэр, урыс, тат, нэгъуэщI лъэпкъхэми ящыщ цIыху минипщIхэр Хэку зауэшхуэм и фронт зэмылIэужьыгъуэхэм щхьэмыгъазэу бийм щыпэщIэтащ, жэщ-махуэ жамыIэу тылым щылэжьащ.

Брест быдапIэр хъумэным щегъэжьауэ Берлин къащтэхукIэ ди республикэм икIахэр я псэ емыблэжу Хэкум и щхьэхуитыныгъэмрэ и щIыхьымрэ яхъумащ. Абыхэм ящыщ куэдым Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, ЩIыхь орденым и нагъыщищри къратащ, минхэм орденхэмрэ медалхэмкIэ ягъэпэжащ. Къэрал псом щызэлъащIысащ ди лъахэгъухэу Къардэн зэкъуэшхэу Къубатийрэ Къэбардрэ, Байсултанов Алим, Кузнецовхэ Георгийрэ Василийрэ, Къанкъуэщ Ахьмэдхъан, Мэсей Аслъэнджэрий, Яхэгуауэ Михаил, Иуан Хьэсэн, Иллазаров Исса, Стеблинский Сергей сымэ, нэгъуэщIхэми зэрахьа лIыгъэхэр, абыхэм я хахуагъэр.

1941 гъэм и щэкIуэгъуэм зэхуашэсын щIадзащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр. Абы хыхьащ ди щIыналъэм щыпсэу шууей 3500-рэ. Дивизэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщыныр къанэ щымыIэу щIыпIэ колхозхэм, совхозхэм, предприятэхэм я пщэ иралъхьэжащ.

1942 гъэм и гъатхэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр Тэн (Дон) губгъуэм бийм щыпэщIэуващ икIи къикIуэт зымыщIэу Сталинград зыхъумахэм ящыщащ. Жэщ-махуэ 250-кIэ бжыгъэкIэ къебэкI фашистхэм езэуащ ди шууейхэр, сэшхуэ пцIанэкIэ танкхэм щебгъэрыкIуэ куэдрэ къахуихуэу. Ахэр лIыгъэм, Хэкум хуэпэжыным и щапхъэ хъуащ.

Нэхъапэм зэи ямылъэгъуа зышыIэныгъэрэ бэшэчагърэ къалъыкъуэкIащ тылым къэнахэм. Жэщи-махуи мыувыIэу ахэр заводхэмрэ фабрикэхэмрэ, губгъуэхэмрэ фермэхэмрэ щылэжьащ, яIэ псори фронтымрэ текIуэныгъэмрэ ирату. Зэман кIэщIым къриубыдэу зэрыкъэралу бийм пэщIэтхэм хуэлажьэ хъуащ, Дзэ Плъыжьым щIэгъэкъуэн лъэщ хуэхъуу. Псоми кууэ зыхащIэрт армэр шхынкIэ, щыгъынкIэ, IэщэкIэ, гулъытэкIэ зыхуей хуэмызэмэ зэрытемыкIуэфынур.

Дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэр, колхозхэр, совхозхэр «Псори фронтым папщIэ, псори текIуэныгъэм папщIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэуващ икIи къанэ щIагъуэ щымыIэу фронтым телажьэ хъуащ. ГущIэгъуншэ бийм пэщIэува я бынхэм, адэхэм, дэлъхухэм я



115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэтхэр. *1942 гъэ*

лэжьапIэ Iэнатlэм пэрыувахэщ зи ныбжь хэкIуэтахэр, цIыхубзхэр, ныбжьыщIэхэр. ИкIи зы IэнатIэ щыIэтэкъым ди республикэм и гуащIэрыпсэухэм лэжьыгъэфI къыщамыгъэлъагъуэ, къапэщылъ къалэнхэр хуэдитI-щыкIэ щамыгъэзащIэ.

Комсомол-щIалэгъуалэ бригадэхэр, звенохэр, сменэхэр къызэрагъэпэщырт, зэхьэзэхуэм зиубгъуат. IэщIагъэщIэхэм, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ерыщу зыхуагъасэрт. Къалэжьыр нэхъыбэ, нэхъыфI хъун папщIэ IэмалыщIэхэр, гупсысэщIэхэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр зыубгъуауэ къагъэсэбэпырт, къэрал мылъкур зэрагъэзахуэрт.

Фронтымрэ цIыхубэ хозяйствэмрэ я IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэр къызэIуахащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ зауэм и япэ мазэхэм ягъэсащ пулеметгъауэ мини 2-м щIигъу, шоферрэ мотоциклзехуэу 600, телефонисту 1625-рэ, альпинистрэ парашютисту 1500-рэ, ПВО-м и инструктор 300, нэгъуэщI куэди.

Ди республикэм и промышленностыр зэман кIэщIым къриубыдэу зауэм телажьэ хъуащ. Къапщтэмэ, Налшык и гидротурбинэ заводым и лэжьакIуэхэр, завод IэмэпсымэхэрЭ къыздашэу Одессэ къиIэпхъукIа гупым я гъусэу, фочышэхэмрэ топышэхэмрэ къыщIагъэкIыу хуежьащ, «Катюшэ» лагъымыдзхэм я реактивнэ лагъымхэри хэту. Моторхэр ремонт щащIу Прохладнэ дэт заводым щызэрагъэпэщыжырт бийм зэтрикъута танкхэр, бронетранспортерхэр, нэгъуэщI зэрызауэ техникэр. Нарткъалэ спирт заводым къыщIигъэкI хъуащ лагъымхэр, гранатэхэр, мафIэ зыдз Iэщэхэр. Лэскэн фанер заводым къэралым и авиацэ промышленностым фIагъ ин зиIэ фанерхэр хуригъашэрт, кхъухьлъатэхэр щащIкIэ къагъэсэбэпыну. «Чинар» заводым мафIэ щIэзыдзэ дагъэхэр птулъкIэхэм щрагъахъуэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм руда тонн миникщэхэр къыщIихащ, ахэр зэхигъэкъэбзыкIри, молибден, шеелит зэхуэхьэсахэр СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и промышленностым хуригъэшащ. Абыхэм бронетехникэмрэ кхъухьлъатэхэмрэ я быдагъыр ягъэлъэщырт. Вольфрамымрэ молибденымрэ къыщынэмыщIауэ, комбинатым къыщIигъэкIыф хъуащ гранатэхэр, лагъымхэр, мафIэ зыдз Iэщэхэр.

Грамм щитI зэрыхуэ пакет мелуанхэр щызэкIуэцIалъхьащ Налшык дэт IэфIыкIэ фабрикэм. Лы комбинатымрэ республикэм и адрей ерыскъы предприятэхэмрэ фронтым ирагъашэрт лы, хадэхэкI консервхэр. Швейнэ фабрикэхэм, артелхэм, унагъуэхэм къыщызэрагъэпэщат зауэлIхэм я щыгъынхэр куэду щыдыныр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ промышленностымрэ промышленность псынщIэмрэ фронтыр къызэрагъэпэщырт фэ вакъэкIэ, джэдыгукIэ, упщIэ вакъэкIэ, щыгъын хуабэкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Фоч лъэдакъэхэр, альпинист Iэмэпсымэхэр, уанэхэр, шхуэхэр куэду къыщIагъэкIырт.

Къанэ щымыIэу я къалэнхэр ягъэзащIэрт мэкъумэшыщIэхэми. Iэмал имыIэу къэралым иратын хуейм къищынэмыщIауэ, планым щIигъуу къалэжьахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэдэсхэр езыхэм яфIэфIу зыхъумэжыныгъэм и фондым халъхьэрт, Совет Армэм щхьэкIэ гъавэ гектар лейхэр хасэрт, я щхьэм къабгъэдэкIыу фронтым Iутхэм ерыскъыхэкIхэр хурагъашэрт, хуит къэхъужа къэралым и щIыналъэхэм жылапхъэхэр Iэрагъэхьэрт. Бийр гъунэгъу дыдэ къыщыхъуами, ди щIыналъэм къыщихьами, ар яубыдыхукIэ, губгъуэ лэжьыгъэр зы дакъикъи зэпыуакъым. Шэр къателъалъэми, топышэхэр ящхьэщылъэтми, гъавэр Iуахыжурэ ди зауэлIхэм хурагъашэрт.

Хэку зауэшхуэм и лъахъэнэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм къабгъэдэкIыу къэралым Iэрыхьащ гъавэу тонн мин 273-рэ, сэхурану тонн мин 47,6-рэ, мэкъуу тонн мин 55,6-рэ, кIэртIэфу тонн мин 32,5-рэ, хадэхэкIыу тонн 19,6-рэ, лыуэ центнер мин 97-рэ, шэуэ центнер мелуанрэ мин 642-рэ, цыуэ тонн мини 9, фэ зэмылIэужьыгъуэу мин 253-рэ, джэдыкIэу мелуан 13,5-рэ, нэгъуэщIхэри.

Совет шууейхэм адыгэшыфI дыдэу мин 27-м щIигъу хурагъэшащ. Совет Союзым и дзэзешэ цIэрыIуэхэу Буденнэмрэ Ворошиловымрэ абыхэм пщIэ лъагэ хуащIащ икIи мызэ-мытIэу жаIащ адыгэшыр и бэшэчагърэ жыIэдэIуагъкIэ псоми зэрефIэкIар.

КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкIыу совет зауэлIхэм яIэрыхьащ щIакIуэу, упщIэ вакъэу, цы лъэпэду, нэгъуэщI щыгъын хуабэу мин 23-м щIигъу. Советыдзэм хуащIа тыгъэхэр илъу Налшык и закъуэ вагон 20 дэкIащ. Ахэр Ищхъэрэ, нэгъуэщI фронтхэм Iутхэм, ди щIыналъэм фашистхэр щызэтезыукIэ 37-нэ армэм и зауэлIхэм хуагуэшащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэм лъы зыта куэди къахэкIащ. Ар уIэгъэ хъуа ди зауэлIхэр хуабжьу сыт щыгъуи зыхуэныкъуэт.

Ди республикэм и къалащхьэм и зыгъэпсэхупIэ, щеIэзэ щIыпIэ нэхъыфIхэм 1942 гъэм и пэщIэдзэм ягъэIэпхъуэ госпиталь 16 къыщызэIуахат, зэуэ цIыху мин 15 щIэхуэу. Абыхэм щылэжьа дохутыр, фельдшер миным щIигъум я дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ фронтым Iухьэжащ зауэлI мин 600-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыIэ зауэ госпиталхэм сыт щыгъуи я нэIэ трагъэтт IуэхущIапIэ, еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Хэкур гъунэншэу фIыуэ зэралъагъум и щыхьэтт ди республикэм щыпсэухэм игъащIэ лъандэрэ гуащIэдэкI хьэлэлкIэ зэхуахьэса мылъкур къэралыр хъумэным езыхэм яфIэфIу зэрыхалъхьэр. Апхуэдэу зэхуахьэсахэмкIэ яухуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолец» кхъухьлъатэ эскадрильер, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэт», «ЗэрыпхъуакIуэ нэмыцэхэм - ажал!» танк колоннэхэр, «Прималкэ гъавэ совхоз» топгъауэ батареер. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр жыджэру хэтащ «Орджоникидзе и гъущI гъуэгу лэжьакIуэ», «ЦIыхубэ егъэджакIуэ», «Совет школакIуэ» танк колоннэхэр, «Зауэ цIыхубз ныбжьэгъу» кхъухьлъатэ звенохэр яухуэн папщIэ мылъку щызэхуахьэсми.

Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэм зауэ техникэ ухуэным сом мелуан 36,5-рэ езыхэм яфIэфIу халъхьащ. КъищынэмыщIауэ, жыджэрагъ ин яхэлъу зауэ заемиплIыми Iэ традзэри, фронтым иджыри сом мелуан 95,3-рэ иратащ, ахъшэхьэпшып лотереем и билету сом мелуан 18,2-рэ и уасэ къащэхуащ, облигацэхэмкIэ сом мелуани 10,6-рэ зыхъумэжыныгъэмкIэ фондым халъхьащ. А псори фашист Германиер зэхэкъутэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хъуащ.

Москва, Ленинград къалэхэм, Урысейм, Украинэм, Молдавием, Прибалтикэм и республикэхэм къиIэпхъукIа цIыху мин 16,5-р я Iыхьлы дыдэхэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрагъэблэгъащ. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха ягъуэтат МХАТ-м, нэгъуэщI театр цIэрыIуэхэм я артистхэм. 1941 гъэм къэIэпхъуахэм ящыщ куэд Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуну къэнащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху мин 60-м щIигъур Хэку зауэшхуэм и фронт зэмылIэужьыгъуэхэм хахуагъ ин, лIыгъэ мыкIуэщIыж яхэлъу щызэуащ. Абыхэм ящыщу цIыху мин 40-р, нэгъуэщIу жыпIэмэ - щы къэс тIур, хэкIуэдащ. Ди республикэм зы унагъуи искъым зауэм и мафIэ лыгъейм имылыгъуауэ, цIыхукIэ хэщIыныгъэ имыгъуэтауэ. Аращ дыпсэухукIэ тщыгъупщэ щIэмыхъунур икIи яхуэфэщэн пщIэ лъагэ щIахуэтщIын хуейр 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м ТекIуэныгъэ Ин къытхуэзыхьахэр, а махуэ лъапIэр къытхуэзыгъэблэгъахэр. ИращIэ ар къытщIэхъуэ щIэблэхэми.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ТекIуэныгъэ Иным хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэр гулъытэншэу къэнакъым - абы и щыхьэр Налшык «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ икIи Мэзкуу щыIэ Кремлым и блынхэм и цIэр дыщэпскIэ тратхащ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**




**Кремлым и блыным и деж щагъэуващ Налшык зауэ щIыхьым и къалэу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэ.** *Мэзкуу, 2014 гъэ*

# Мовсисян Черкес Бахъшы и къуэр



И ныбжьыр илъэс 94-м иту 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и агроном, Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым и ветеран, Хэку зауэшхуэм хэта Мовсисян Черкес Бахъшы и къуэр.

Мовсисян Ч. Б. 1922 гъэм щIышылэм и 3-м Большие Каладараси къуажэм (Нагорнэ Карабах) къыщалъхуащ.

1940 гъэм Степанакерт къалэм ветеринар техникумыр къыщиуха нэужь, советыдзэм ираджащ. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэм Ищхъэрэ-КъухьэпIэ фронтым яшащ, Мэзкуу дежрэ Ленинград фронтымрэ щызэуащ, Ленинград блокадэр пхызытхъахэм яхэтащ.

1943 гъэм и кIэм Ленинград фронтым къыIуашри, Мэзкуу яшащ икIи, цIыхубэ хозяйствэр зэфIигъэувэжын папщIэ, 1944 гъэм и щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэкIуащ, Iуащхьэмахуэ районым и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ. 1952 гъэм къыщыщIэдзауэ 1955 гъэ пщIондэ районым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, КПСС-м и Iуащхьэмахуэ райкомым и секретару, 1955 гъэм щегъэжьауэ 1957 гъэм нэсыху Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и «Эльбрус» совхозым и унафэщIу лэжьащ.

1962 гъэм Мовсисян Черкес «Налшык» совхозым и директору ягъэуващ. Абы и унафэм щIэту, жьэгъущIэс щIыпIэхэм пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэр щыгъэкIыным хуэунэтIауэ хозяйствэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ, илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыгхэр зэрагъэтIыс, зэрызэрахьэ, зэрахъумэ IэмалыщIэхэм щыхуэкIуащ. ЩIэтхъуэн хуэмеижу кIэртIофыр зэрыхасэ технологиещIэр, жылапхъэхэр нэхъыфIу зэрахъумэ Iэмалхэр IэнатIэм хапщащ. Хозяйствэм и зэфIэкIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми зыубгъуауэ къыщагъэсэбэпащ.

Мовсисян Ч. Б. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ, Налшык къалэ советым и депутату 12-рэ хахащ.

Мовсисян Черкес республикэмрэ къэралымрэ я зэIузэпэщыныгъэм илъэс 50-кIэ хуэлэжьащ, «Налшык» совхозым илъэс 30-м щIигъу иритащ. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, Ленинрым и орден, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденхэр, медаль куэд къыхуагъэфэщащ, «РСФСР-м щIыхь зиIэ и агроном» цIэр къыфIащащ.

Мовсисян Черкес Бахъшы и къуэм и фэеплъ нэхур сытым щыгъуи ди гум илъынущ.

**КIуэкIуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Абдулаев М. К., Алътуд Ю. Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Берд Хь. А., Беслъэней Ч. М., Битокъу В. М., Бозий Н. М., Геляхов А. С., Дадэ М. А., Евтушенкэ Н. Н., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Жаным Р. М., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Канунников В. А., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуэдзокъуэ М. М., Литовченкэ Т. В., Мокаев К. А., Нэхущ З. А., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тюбеев А. И., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б.. Шэт И. М., Черкесов Г. М., Чеченов А. А., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., Уянаев К.Хь - М.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мовсисян Грант Олег и къуэм** хуогузавэ абы и адэшхуэ **Мовсисян Черкес Бахъшы и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Коллегиехэр

# Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным гулъытэ хэха хуащI

**КъБР-м щыIэ МВД-м коллегием и зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ министерствэм и IэнатIэхэм, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щIыналъэ органхэм я унафэщIхэр, министрым ветеранхэм ядэлэжьэнымкIэ и дэIэпыкъуэгъу Думай Борис.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей.

Зыхэплъа Iуэхугъуэхэм ящыщщ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр нэщIысауэ зэфIэхынымрэ республикэм щыIэ щхьэзакъуэ хъумакIуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъынымрэ.

ЗэIущIэм хэтахэм зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэм теухуа унафэ къащтащ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру республикэм щыIэ Васильев Сергей а къалэнхэмкIэ жэуап зыхь унафэщIхэм ахэр зэфIэхынымкIэ пщэрылъхэр къалэн ящищIащ.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***



# Ветераныр ягъэгушхуэ

**Сыт хуэдиз илъэсхэр дэкIами, зи гъащIэм емыблэжу ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр зэи тщыгъупщэ хъунукъым.**

АБЫ къыхэкIыу Хэку зауэшхуэм и ветераным и фэтэрыр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ КъБР-м щыIэ МВД-м къыхилъхьа жэрдэмыр Къэбэрдей-Балъкъэрым ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ полицэм и лэжьакIуэхэм даIыгъащ. Я фIэфIыныгъэкIэ зэхуахьэса мылъкумкIэ полицейхэм Соломатин Иван и фэтэрыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ. Абы бытовой техникэ къыхуащэхуащ, сантехникэ Iэмэпсымэхэр хузэрахъуэкIащ, псым счетчик хутрагъэуващ.

Соломатин Иван 1922 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Ставрополь крайм хыхьэ Калиновскэ станицэм (иджы Шэшэн Республикэм щыщщ) къыщалъхуащ. Илъэс 19 ныбжьым иту и фIэфIыныгъэкIэ фронтым Iухьащ. Грознэ дэт лъэсырыкIуэ училищэм илъэс ныкъуэкIэ щеджа курсантыр дзэм фIыуэ хэзэгъащ. Тегушхуауэ Iэщэр игъэшэрыуэрти, ТТ кIэрахъуэмкIэ очко 50-м щыщу 48-р къихьри етIуанэ увыпIэр зыIэригъэхьат. Апхуэдэ ехъулIэныгъэм къыпэкIуэу «Ворошиловский стрелок» значокыр къратащ. ЩIалэр щеджэ зэманым зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу фронтым къыщыхутэну щIэхъуэпсырт...

Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ нагъыщэр, «Зауэ щIыхьым папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германиер хагъащIэу ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьам папщIэ», «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалхэр, «ЩIыдагъэ, щIыдагъэм елэжь промышленностым и отличник» значокыр, нэгъуэщIхэр, юбилей дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

Соломатин Иван ноби жыджэрщ. Налшык къалэ зауэм и ветеранхэм, Iэщэкlэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтщ.

***Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Гъуэгубгъухэр ягъэкъабзэ

**Иджы хуэдэ гъатхэ лъэхъэнэм хабзэ зэрыхъуам тету, «Кавказ» федеральнэ гъуэгум и Iуфэхэр зэщIагъэкъабзэ.**

НАЛШЫК и къуэкIыпIэ дыхьэпIэм къыщыщIэдзауэ Аруан, Лэскэн районхэм хиубыдэ гъуэгубгъухэм иужьрей зэманым нэхъыбэу щызэтрехьэ гъуэгурыкIуэ транспорт-хэм къызэранэкI кIэрыхубжьэрыхухэр. Къабзагъэм елэжь Къэбэрдей-Балъкъэрым и къулыкъухэм илъэс псом а щIыпIэхэм я нэIэ трагъэтщ. АрщхьэкIэ гъатхэм сыт щыгъуи лэжьыгъэ куэд къыкъуокI.

Мы зэманым пхъэнкIийр зэщIакъуащ. Абы къыдэкIуэу бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къыгуэщIыкIа къудамэхэр зэщIакъуэри ягъэсащ. Псом хуэмыдэу егугъуащ гъуэгубгъуитIыр зыгъэдахэ жыг сатырхэм сэху текIэным. Гъэ кIуам къэкIыгъэхэм ящыщ куэд ирахыпащ, зэрыгъуам къыхэкIыу. Иджы зэхуакухэр нэхъ Iэхуитлъэхуитщ, машинэхэм я дежкIи шынагъуэншэ хъуащ. Федерал гъуэгур къабзэу зехьэным гъатхэ, бжьыхьэ лъэхъэнэхэм йогугъу Нартан, Аруан, Старэ Шэрэдж, Арщыдан къуажэхэм я курыт школхэри, а щIыпIэхэм кIэлъыплъыныр зи къалэн IэнатIэхэри.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# УЗЫНШАГЪЭ

## Нобэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

# Псом нэхърэ нэхъыщхьэр

**1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Апхуэдэ махуэ щIыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуэнырщ, ар егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхунырщ.**

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) и жэрдэмкIэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэшхуэхэм траухуэ хабзэщ икIи къыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щыхъумэн», «Лъы дэуейм узэрыпэщIэтынур», «Гъудэбадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр», нэгъуэщIхэри. Мы гъэм а махуэр хуагъэпсащ ерыскъыпхъэхэм я шынагъуэншагъэм. Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ерыскъыпхъэхэм хэмылъыпхъэ гуэрхэр зэрыхалъхьэм къыхэкIыу, илъэс къэс абы цIыху мелуани 2-м нэблагъэ йолIыкI, абы щыщу нэхъыбэр сабийщ. Ерыскъыпхъэхэм халъхьэ химие веществохэм узыфэ 200-м нэблагъэ къагъэхъей. Абы къыхэкIыу ерыскъыпхъэхэр нэхъ шынагъуэншэу къыщIэгъэкIыным ар зи пщэ дэлъхэм гулъытэ хурагъэщIыну Iуэхугъуэр къыхалъхьащ.

ЦIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр щызэфIах ди республикэми. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ нэблэгъауэ Налшык къалэ щолажьэ Узыншагъэм и центр. IуэхущIапIэр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хэту къызэIуахауэ щытащ. Ар цIыхухэр куэдрэ псэуным толажьэ, и къалэн нэхъыщхьэри я узыншагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщIыжынырщ, нэхъ зыхуэсакъыжу егъэсэнырщ.

Узыр и чэзум къэхутэнымкIэ цIыхухэм я узыншагъэр къапщытэу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху ирагъэкIуэкIащ. 2014 гъэм цIыху 152681-м я узыншагъэр къапщытащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, процент 40-р узыншэщ, процент 18-м узыфэ гуэрхэр къэхъеинкIэ шынагъуэ яIэщ, процент 42-р сымаджэщхэм щIагъэгъуэлъхьащ. Нэхъыбэу цIыхухэр зыгъэсымаджэу къахутар гулъынтхуэ узыфэхэрщ.

Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зрагъэужьу лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ. Къапщтэмэ, 2014 гъэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургие къудамэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ щедгъэкIуэкIащ. ИВЛ аппарату 14, зэрагъэбауэу 7, эндоскопие Iэмэпсымэ къэтщэхуащ. Налшык къалэ клиникэ сымаджэщым къатихыу зэтет унэщIэ иIэ хъуащ, Май район сымаджэщым и шхапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Республикэ клиникэ сабий сымаджэщым папщIэ ИВЛ аппарату 7, мультифитрат Iэмэпсымэ къащэхуащ. Сабий къалъхуагъащIэхэр зыщIэлъ къудамэр зэрагъэпэщыжащ. Наркодиспансерым и унэр зыхуей хуагъэзэжащ, Республикэ бюджетым къыхэкIыу.

ЦIыхухэм я узыншагъэм къэралым гулъытэ нэхъыбэ хуищI зэрыхъуам и щыхьэтщ, псалъэм папщIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ мы гъэр Гулъынтхуэ узыфэхэм ебэныным я илъэсу зэрагъэувар. Апхуэдэ къалэным хиубыдэу республикэ клиникэ сымаджэщым гулъынтхуэ узыфэхэм ебэнынымкIэ япэу лекцэ къеджащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ. Абы щыгъуэм министрым къыхигъэщхьэхукIащ лъынтхуэ узыфэхэр щагъэхъуж центрыр къызэрызэIуахам и фIыгъэкIэ инсультым илIыкIхэр 2014 гъэм нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Лъынтхуэ узхэм щеIэзэ центрымрэ абы и къудамэхэмрэ я IэщIагъэлIхэр дызэрыт илъэсым кърихубыдэу къеджэнущ инсультым зыщыхъумэным, ар зэрагъэхъуж, узыфэ хьэлъэхэр зэуэлIахэр гъащIэм зэрыхэзэгъэж щIыкIэм теухуа лекцэхэм.

Медицинэ хуэIухуэщIэ тэмэмыр цIыхухэм псоми зэхуэдэу ялъэгъэIэсыныр, я IэнатIэм сытым дежи зегъэужьыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр Шэт Ирмэ щыжиIащ узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я зи чэзу зэхыхьэм.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Щапхъэ

# Адэ-анэм я лъэужьым ирокIуэ

**Зи IэщIагъэм хуэIэижь, цIыхугъэ, хабзэ зыхэлъ, зыIыгъыкIэ екIу зыдэплъагъу щIалэщ Тхьэзэплъыж ТIулэ и цIэр зезыхьэ республикэ стоматологие центрым и лэжьакIуэ МахуэлI Сэлим. Ар дзэ дохутыр-ортопедщ. ЩIалэр и адэ-анэ МахуэлIхэ Аслъэнрэ Натальерэ я лъэужьым ирикIуащ, абыхэм я IэщIагъэр къыхихыжащ.**



МахуэлI Сэлим

КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и стоматологие къудамэр къэзыуха Сэлим илъэситху хъуауэ и IэщIагъэм ирolажьэ. Зыпэрыт Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа щIалэр 2013 гъэм Республикэ стоматологие центрым и ортопедие къудамэм и унафэщIу ягъэуващ. А къалэнми фIы дыдэу полъэщ МахуэлIыр. Жэуаплыныгъэ хэлъу, и Iэзагъэм сытым дежи зэрыхигъэхъуэным хущIэкъуу мэлажьэ щIалэр.

Сэлим и лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьыр иджыблагъэ сэри згъэунэхуащ. Си дзэхэм езгъэплъыну Налшык сыкъыздэкIуэм, маршруткэм гъусэ къыщысхуэхъуа си цIыхугъэ бзылъхугъэм сыщIежьам и щхьэусыгъуэр къыщищIэм: «Республикэ стоматологие центрым щылажьэ дохутыр-ортопед зэадэзэкъуэм - МахуэлIхэ Аслъэнрэ Сэлимрэ - я деж кIуэи ухущIегъуэжынкъым», - къызжиIащ. Си насып къикIри, Сэлим и лэжьэгъуэу срихьэлIащ. Гуапэу сригъэблэгъащ, си дзэхэр къызэпиплъыхьри, абы ещIэн хуейр тэмэму къызгуригъэIуащ. КъеIэзэн щIидзэри, махуэ 21-м кърикубыдэу Iуэхур зэфIигъэкIащ. Си дежкIэ нэхъыщхьэрати, Iэпэ щабэщ, узыр зыхэзмыщIэу си дзэхэр схуигъэхъужащ.

Стоматологие центрым сызэрыкIуа махуэхэм Сэлим теухуауэ псалъэ гуапэ куэд зэхэсхащ. Зи дзэм езыгъэIэзэхэм ягъэщIагъуэрт щIалэщIэм Iэзагъышхуэ зэрыбгъэдэлъыр, гъэсэныгъэ екIу зэрыхэлъыр, и гуапагъэ къудеймкIэ укъыдихьэхыу зэрыщытыр.

МахуэлIым и лэжьыгъэм нэхъ кууу хэгъуэзэнымкIэ и лэжьэгъу нэхъыжьхэм я чэнджэщхэр къегъэсэбэп, и IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ литературэхэр щIеджыкI.

- IэщIагъэр гурэ псэкIэ къыхэпхмэщ абы гупсэхугъуэ къуиту ущрилэжьэфынур, - жеIэ Сэлим. - Апхуэдэуи ехъулIэныгъэ гуэр уиIэн папщIэ уи Iэзагъэм сытым дежи зэрыхэбгъэхъуэным ухущIэкъун хуейщ. ГъащIэм псынщIэу зеужь, иджырей медицинэм щIэуэ къыхыхьэ псоми зыщыбгъэгъуазэу ахэр IэщIагъэм къыщыбгъэсэбэпыфу уи лэжьыгъэр зэтебухуэмэ, зыбужьынущ. СыщIохъуэпс къэкIуэнум ди центрыр сыт и лъэныкъуэкIи нобэрей Iэмэпсымэхэмкiэ къызэгъэпэщауэ щытыну, абы ди Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынщ тщищIынут, дызэIэзэхэми фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэфынут. Къапщтэмэ, си лэжьыгъэмкIэ сэ сыткIи си щапхъэщ икIи си чэнджэщэгъущ илъэс куэд лъандэрэ а IэщIагъэм пэрыт си адэ-анэр. Нобэ ехъулIэныгъэ гуэр сиIэмэ, цIыхухэм псалъэ гуапэ къысхужаIэмэ, щылъагъупхъэр абыхэм я дежщ.

Езы МахуэлIри щапхъэ яхуохъу гупым къахыхьэ щIалэгъуалэм. Къищынэмыщ Iауэ, абы и деж лэжьыгъэм и пIалъэм зыщыхагъэгъуазэ студентхэми. Апхуэдэ дзыхьыр абы къызэрыхуащIам къегъэлъагъуэ и IэщIагъэмкIэ абы иIэ зэфIэкIыр зыхуэдэр.

- Зэгурыхуэ, зэхэщIыкI щызекIуэ гупщ сызыхэтыр, - жеIэ и лэжьэгъухэм теухуауэ Сэлим. - Сыт хуэдэ IуэхумкIи чэнджэщи дэIэпыкъуэгъуи къыпхуэхъунущ. Нэхъыщхьэращи, я къалэным хуэпэжщ, ди деж къекIуалIэхэм я гукъыдэжыр къызэраIэтыным, зыкъыщIыхуагъэза медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр гунэс ящыхъуу зэрызэфIахыным телажьэ дохутыр нэсхэщ.

МахуэлIым унагъуэ дахи иухуащ. И щхьэгъусэ Лимэ Бум-банкым щолажьэ. Зэщхьэгъусэхэм зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ зэдапI.

АдэкIи и зэфIэкIым хэхъуэу, и мурадхэр къехъулIэу, и IэщIагъэм и хьер илъагъуу, и унагъуэм фIыгъуэр илъу гъащIэ дахэ иIэну ди гуапэщ.

**ЖАШУЕВЭ Ларисэ.**

● Абы дегъэпIейтей

# Гулъытэ хуэныкъуэщ

**КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэщри, иджыблагъэ зэхэтащ жьэн узыфэмкIэ дуней псом, къэралым, республикэм щыIэ щытыкIэм теухуа зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурият, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Сэбаншы Жаннэ.**

- УЗЫФЭР къызэрежьэрэ илъэс куэд дэкIами, нобэр къыздэсым дохутырхэм абы и хущхъуэгъуэ тэмэмыр къахуэгъуэтакъым, - жиIащ Бгъэжьнокъуэ Зурият. - КIуэ пэтми узым иубыдхэм къахохъуэ, ар узыгъэгузавэ Iуэхугъуэшхуэщ. Жьэн узыфэм упэщIэтынымкIэ Iэмал нэхъыщхьэр ар зумыгъэуэлIэнырщ, абы папщIэ щIэх-щIэхыурэ уи узыншагъэр дохутырым и деж къыщыппщытэн хуейщ. Узыр и чэзум къэпхутэрэ, дохутырым и чэнджэщхэр тэмэму бгъэзащIэмэ, куэдкIэ нэхъ гъэхъужыгъуафIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ ди цIыхухэм я узыншагъэм хуэфэщэн гулъытэ хуащIыркъым.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэт ныбжьыщIэхэр жьэн узыфэр къызэрежьам, абы и лIэужьыгъуэхэм, ар нэхъ зыхуэлъэ цIыхухэм, и Iэзэгъуэхэм теухуауэ ягъэхьэзыра докладхэм къеджащ.

Сэбаншы Жаннэ къыхигъэщащ медицинэм и лэжьакIуэхэр нэхъ зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэм ящыщу жьэн узыфэм ебэныным щIалэгъуалэм гулъытэ зэрыхуащIар и гуапэ зэрыхъуар. АдэкIэ ар зэхэхауэ тепсэлъыхьащ республикэм жьэн узыфэмкIэ щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм, республикэм и район зыбжанэм фтизиатр IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум, абыкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**



Къуныжь Джульеттэ

# И плъэкIэри и псалъэри хущхъуэ яхуохъу

**Узыншагъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр ящIэ зэ нэхъ мыхъуми узым къигъэдзыха дэтхэнэ зыми. Ар тхуэзыхъумэ, тхузэфIэзыгъэувэж дохутырхэм яхуэфащэщ сыт хуэдэ псалъэ гуапэри. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм яхэтщ а IэщIагъэм хуэмыфащэхэр, апхуэдэу щытми, гукIи псэкIи дохутыр IэнатIэр езыхьэкIхэр куэдкIэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Зеикъуэ дэт сымаджэщым и терапие къудамэм и унафэщI Къуныжь Джульеттэ.**

ИЛЪЭС 30-м щIигъуауэ Къуныжьыр пэрытщ дохутыр IэнатIэм. А зэманым къриубыдэу ар цIыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ - дэрэжэгъуэ яIэу гъащIэм хигъэплъэжащ. Зи щхьэ къезыхьэлIэ дэтхэнэми Джульеттэ зэрыхъукIэ дэIэпыкъуэгъу яхуохъу, зэхэхауэ сымаджэм и Iуэху зыIутыр гурегъаIуэ. «Къуныжьым и псалъэри ди дежкIэ хущхъуэщ, - жаIэ ар зэIэзахэм. - Гуапэу къызэрыдэплъ къудейм гъащIэм гугъэ худегъэщIыж. ЦIыху зэпIэзэрытщ, хьэл-щэн дахэ хэлъщ».

Джульеттэ къыхиха IэщIагъэм хуэIэижьщ, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу абы. ШыIэныгъэ хэлъу, гуапэу яхущытщ я деж къакIуэ дэтхэнэ зыми. ЦIыху псори я хьэлкIэ зэхуэдэкъым, псом хуэмыдэу узым къыхигъэзыхьыр тэмакъкIэщI мэхъу. Апхуэдэхэми шыIэныгъэ хэлъу йоIэзэ, дэтхэнэри арэзы ещIыф.

- Сымаджэу уи деж къэкIуа цIыхум гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъумрэ и нэгум кърихыу плъагъуныр дохутырым и лэжьыгъэм къыпэкIуэ фIыщIэ лъапIэщ. Апхуэдэхэм къабгъэдэкI псалъэ гуапэхэр си дежкIэ уасэншэщ, - жеIэ Къуныжь Джульеттэ.

Дохутыр Iэзэр сэбэп зыхуэхъуа, «узыншагъэкIэ» зэджэ насып лъапIэр тыгъэ зыхуищIыжа сымаджэхэми абыхэм я благъэ-Iыхьлыхэми къабгъэдэкIыу дохъуэхъу и IэнатIэм и хьер илъагъуу куэдрэ псэуну.

**КЪАРДЭН Мухьэмэд.**

● ФIыщIэ

# IэщIагъэм къыхуигъэщIахэр

**Зыпэрыт IэнатIэр гурэ псэкIэ къыхэзыха цIыхурщ лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьэфынур. Апхуэдэхэм я къалэныр жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу ягъэзащIэ икIи я IэнатIэр сытым дежи зэрефIэкIуэным хущIэкъуу апхуэдэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Республикэ клиникэ сымаджэщым гастроэнтерологиемкIэ и къудамэм и унафэщI Бахъсэн Мадинэ Хьэмэдэ и пхъур. Иджыблагъэ сымаджэщым сыщыщIэлъам а бзылъхугъэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэр згъэунэхуащ.**

МАДИНЭ си узыр зыхуэдэр тэмэму къиухута иужь, къызэрызэIэзэну щIыкIэр иубзыхури, си щытыкIэр нэхъыфI хъужыху набдзэгубдзаплъэу къыскIэлъыплъащ. Абы и нэгур зэлъыIухарэ гуапэу къыщопсалъэкIэ, сымаджэм гугъэр къыхохьэж. Дохутырыр и Iэзагъэм къыдэкIуэу, цIыху гуапэуи щытын хуейщ, аращ абы и псалъэ къудейри хущхъуэу къыщIалъытэр. Псалъэ гуапэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ Мадинэ. Ар дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуигъуэтыфрэ гукIи псэкIи хуэгумащIэу, и узыншагъэр зэрефIэкIуэжым щыгуфIыкIыу щытщ. Бахъсэным лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыртэкъым: ар зэIэзэхэм гуапэу яхущытщ, и гулъытэр псоми ялъегъэс, сытым дежи зыхуэгъази уи Iуэхур зыIутым гупсэхуу къедэIуэнурэ, хузэфIэкIыр къыпхуищIэнущ. А бзылъхугъэр зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, зи IэщIагъэм нэсу хэзыщIыкI дохутыр телъыджэу зэрыщытыр сэ шэч къытезмыхьэу жызоIэ. Апхуэдэ си еплъыкIэр къыздаIыгъынущ Бахъсэн Мадинэ зэIэза псоми. Абы хуэдэхэрщ «IэщIагъэм къыхуигъэщIащ» зыхужаIэр.

Псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ сымаджэщым сызэрыщIэлъа зэманым къриубыдэу гугъу зыкъыздезыгъэхьа дэтхэнэми. Апхуэдэу я цIэ къисIуэну сыхуейт медсестрахэу ГъукIэпщокъуэ Рае, Апажэ Маринэ, Шэру Марьянэ, ЩауэцIыкIу Маринэ, Шагъырбей Жаннэ, Щокъарэ Людэ сымэ. Дэтхэнэ сымаджэми псалъэ щхьэхуэ къыхуэзыгъуэтыф, зыпэрыт IэнатIэм щахь жэуаплыныгъэр зыхэзыщIэ лэжьакIуэ емызэшщ ахэр. Сыт хуэдэ зэманми захуэгъэзи, уи гукъеуэм гупсэхуу къедэIуэнурэ, яхузэфIэкIымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъунухэщ.

Бахъсэн Мадини ар зыхэт гупми сохъуэхъу езыхэр зи хъумакIуэ узыншагъэм щымыщIэу, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ, нэмыс, насып яIэу я гъащIэр ирахьэкIыну.

**ЧЭГЪЭДУ Владимир.**

● ЩIыуэпс

# Узыфэ шынагъуэхэр къызыхэкI нэрымылъагъухэр

**Вирусхэм зэ иримыхьэлIарэ Iумыуэнрэ щыIэкъым. Нэхъ щIыIэ дыдэрэ цIыхум нэхъ пщтыр дыдэу зрихьэлIа хуабагъэмрэ хэпсэукIыф лIэужьыгъуэхэри яхэтщ абыхэм. УмыщIэххэуи, уэрамым, лэжьапIэм, автобусым напIэзыпIэм къыщыппкърыхьэфынущ. Вирусым цIыхур апхуэдизкIэ зэпкърехри, дыгъуасэ къыппкърыхьарэ нобэ и хущхъуэгъуэ къахуэмыгъуэтмэ, пщэдей уакъыхуемыгъэлынкIи мэхъу.**

**Сыт-тIэ а вирусхэр зищIысыжыр, къыздикIар, я зыужьыкIэр, хущхъуэгъуэр?**

ВИРУС жиIэмэ, латиныбзэкIэ щхъухь жиIэу аращ. Ар уз зэрыцIалэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыгъэхъей агенту къалъытэ. Вирусым зыщиужьри бэгъуэн щыщIидзэри IэпкълъэпкъымхихьэмэщI. Ар къэкIыгъэми, псэущхьэми, цIыхуми пкърытынкIэ мэхъу. Апхуэдэуи щыIэщ зы вирусыр псэупIэ зыщI нэгъуэщI вирус лIэужьыгъуэхэр. КъызэрахутамкIэ, ахэр здэщымыIэ зы щIыпIи мы дунейм щыбгъуэтынукъым.

Къагъэхъей уз нэхъ шынагъуэ дыдэхэм я гугъу тщIын и пэ къихуэу, езы вирусыр зэрызэпкърылъыр джыпхъэщ. ЦIыхур клеткэу зэрызэпкърылъым хуэдэу, вирусхэри пкъыгъуэ-пкъыгъуэу зэхэлъщ, а пкъыгъуэхэм зэреджэр вирионщ. А вирионхэр узыр зэрекIуэкIыну щIыкIэри, къишэну узыфэри, Iэпкълъэпкъым хыхьа нэужькIэ зэрызиужьынкIэ хъунури убзыхуауэ ДНК-м хэтщ, белокыр дыщIыгъуу.

Вирусхэр зэрышынагъуэмрэ абы къахь узыфэхэмрэ топсэлъыхь уз зэрыцIалэхэр щагъэхъуж къалэ сымаджэщым и зы къудамэм и дохутыр нэхъыщхьэ Бэрбэч Эммэ:

- Шынагъуэ дыдэщ вирусхэр. Ахэр лIэужьыгъуэ бжыгъэншэу щыIэщ икIи узыфэ шынагъуэхэр къагъэхъей. Ауэ дэ ди IэщIагъэкIэ нэхъ дызрихьэлIэр гриппращ. Грипп къызэрыгуэкIыр къэпцIыхунущ: цIыхур пщтырщ, къопс, мапсчэ, и пэр къыпож, щIыIэтехьэгъуэ иIэщ, хопсэлъыхь. И чэзум хущхъуэгъуэ зримыхьэлIэмэ, илIыкIынри хэлъщ. Ар ягъэхъыбаракъым, ауэ илъэс зыбжанэ ипэкIэ илъэс 30 хъууэ зы щIалэшхуэ къытхуашащ, дыгъуасэ хуэдэм сымаджэ хъуауэ. Нобэ хуэдэм сэбэп хуэхъун хущхъуэгъуэ къытхуэмыгъуэтурэ, ещанэ махуэм лIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, и тхьэмбылыр вирусым ихудэщ, мывэм хуэдэу жыри, жьы мыкIуэжурэ, абы ихьауэ арат. Абы къищынэмыщIа, нысащIэ уэндэгъушхуэ, и зэфIэкIыгъуэу, къытхуегъэлакъым. Ар Iейуэ пщтырт, ауэ зэрыуэндэгъум къыхэкIыу, псоми етхьэлIэ хущхъуэгъуэхэм ебгъэфэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, сабийм зэран хуэхъунути. Москва щыщу телефонкIэ дызэчэнджэщам къыджиIам дытету деIэзащ, а нысащIэри, иужькIэ къытхуаша зыбжани ажалым къыIэщIэтхауэ щытащ.

Вирусхэр езым я гъащIэ, щыIэкIэ, зыужьыкIэ яIэжу жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Псэущхьэхэм ещхьщ. Псэ зыIут дэтхэнэ зыми хуэдэу, езыхэм я ген яIэжщ, мэбагъуэ. Ауэ бэгъуэн, заужьын щхьэкIэ, езыхэм я клеткэ зэрамыIэжым къыхэкIыу, зыгуэрым пкъырысын хуейщ, псалъэм папщIэ, цIыху Iэпкълъэпкъым. Вирусыр Iэпкълъэпкъым хыхьа нэужь, клеткэм зримыгъэужьу и лэжьэкIэр зэтрегъэувыIэ. Ауэ языныкъуэхэр къыпхуэмылъагъуххэу, ппкърытуи умыщIэу, илъэс бжыгъэкIэ псэуфынущ. Языныкъуэхэм деж зыкъуигъащIэу. Абыхэм ящыщщ герпес жыхуаIэр. Iупэр къихуащ жаIэ - герпесращ абы и щхьэусыгъуэр.

Дэтхэнэри зэрыцIыкIурэ щыгъуазэщ гриппым. Зэ еплъыгъуэкIэ, тхьэмахуэ пIалъэ пфIэзыхь узыфэщ. Арами, гриппым нэхъ уз шынагъуэ щымыIэу къалъытэ. Сыту жыпIэмэ, гриппым и вирусым хущхъуэгъуэ къызэрыхуагъуэту, абы зэрызыщихъумэн къегъуэтри, нэгъущI штамм зещI, зехъуэж, узэреIэза хущхъуэгъуэми мыхьэнэ имыIэжу. Аращ гриппым и хущхъуэгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэпымычу къыщIыдагъэкIыр. Псом нэхъ шынагъуэу къалъытэр «испанкэ» зыфIаща вирусращ. Абы къигъэхъея гриппым цIыху мелуани 100 ихьауэ щытащ.

Гриппым зыщахъумэну вакцинэ къагупсыс. Ауэ абы зы мыхъумыщIэ хэлъщ. Вакцинэр езыр а вирус дыдэращ. ЦIыхур прививкэ зэращIу, Iэпкълъэпкъыр абы ебэнын щIедзэри, иммунитет къыхуегъэщI. ЕтIуанэ илъэсым вирусым, зэрытщIэщи, зехъуэжри, нэгъабэ къыпхалъхьа вакцинэм зыри имыпэрмэну къыщIедзыж. Абы къищынэмыщIауэ, Iэпкълъэпкъым вирусит1 щызрихьэлIа нэужькIэ, а тIум ещанэ лIэужьыгъуэ къагъэщI, нэхъ шынагъуэжу, нэхъ гуащIэжу. Псалъэм папщIэ, кхъуэ гриппымрэ джэд гриппымрэ зэхыхьэжауэ цIыхум къыпкърыхьэмэ, аращ зыпэмылъэщу лIэныгъэ куэд къэзышэр.

ВИЧ, папилломэ вирусхэм Iэпкълъэпкъыр пэщIэтыфыххэркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIыуэпсым и щытыкIэмрэ цIыхум зрихьэлIэ хущхъуэ гуащIэхэмрэ зэхохьэжри, иммунитетыр махэ ящI, абы къыхэкIыу, Iэпкълъэпкъыр вирусым езыр-езыру ебэныжыфыркъым. Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэжыр дунейм вирус зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрытетырщ. Ар къыщыхъеину щIыпIэри, зэманри, абы къишэну узыфэхэри къыпхуэхутэнукъым, упежьэфынукъым. КIуэ пэтми я бжыгъэр хохъуэ, уапэлъэщынуи гугъущ. Ар апхуэдэу сытым дежи щытынущ, вирусым вакцинэ къыхуагупсысыху, езыр нэхъ къаруфIэ мэхъури.

Языныкъуэ вирусхэм клеткэм псынщIэIуэу зиужьу, зигуэшу ящI. Апхуэдэхэм деж лыщх узыр къохъей. Мис ар нэхъ шынагъуэжщ. Вирусым и Iэужьщ емынэри (чума), талори (холера), фэрэкIри (оспэ). ФэрэкIыр цIыхум и закъуэщ зэфыкIыр. ХьэщхьэрыIуэ узыр зэфыкIыр хьэкIэкхъуэкIэхэращ. Ауэ хьэкIэкхъуэкIэхэми цIыхуми зэхуэдэу къажьэхэуэфынущ емынэр. Пасэрей зэман жыжьэм мы узыфэ шынагъуэр илъэсипщI къэс зэ къэхъейрт икIи цIыху, хьэкIэкхъуэкIэ жыпIэми, мелуан бжыгъэкIэ зэтриукIэрт. Ар нэхъ къызэпкърыхьэу къалъытэр цы зытет псэущхьэхэрат. Сыту жыпIэмэ, абыхэм я цым хэс цIэ, бжьыдзэхэращ емынэм и вирусыр къезыхьэкIыр. Абы къикIращи, емынэр фIеягъэм къыхэкI узщ. 2004 гъэм Узбекистаным, Тыркумэным, Къэзахъстаным емынэр къыщыхъеижри, цIыху мин бжыгъэхэр илIыкIащ. ЩIэныгъэр зыпэлъэщауэ къалъытэу щыта узыфэм цIыхум зыкърагъэщIэжат. Абы нэхъ шынагъуэжу хэлъыр хьэпщхупщхэм кърахьэкIыртэкъым, атIэ цIыху сымаджэм, зы дакъикъэ нэхъ мыхъуми убгъэдэтамэ, уепсэлъамэ хьэуакIэ укъиуцIэлэнут.

1994 гъэм Дагъыстэным щыщ гуп Сауд Хьэрыпым лъэтащ. Мазэ дэкIауэ къыщагъэзэжам, я ныбэр узу, пщтыру, я лъэр щIэхуу, къэжьу сымаджэщым ахэр щIэхуащ. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, сымаджэхэм я Iыхьлыи, благъи, гъунэгъуи, ныбжьэгъуи апхуэдэ дыдэу уз гуэр къайфыкIыу сымаджэщым яшащ. Абыхэм къеуэлIа узыфэр къахуэмыхутэурэ цIыху зыбжанэ лIащ. ИкIэм-икIэжым къагурыIуащ - талот ар. Иджырей зэманым а узыфэ шынагъуэр щымыIэжыххэу къалъытэрт, ауэ зыкъиужьыжауэ къыщIэкIат. Ар иджыри зы щыхьэтщ, вирусхэм заущэхурэ зыкъызэкъуахыжу, захъумэжыфу зэрыщытым.

ЩыIэщ вирус цIыху балигъым къылъэмыIэсу, сабийхэм фIэкI къемыфыкIыу. Абыхэм ящыщщ фэгъазэ (корь), псчэ (коклюш) узыфэхэр. Ахэр тхьэмбылым йотIысхьэри, сабийр зэпымычу псчэуэ, мэхыу, зыри хузэфIэмыкIыжу и лъэр щIегъэху. Нэхъ шынагъуэр коклюшращ, сабийр псчэурэ, и лъынтхуэхэр зэпычынкIэ хъунущи. Ар мазэ бжыгъэкIэ хъужыркъым, икIи къызэрыгуэкI псчэм къызэрыщхьэщыкIыр белджылыщ - сабийр зэпымычу, хьэ банэм хуэдэу, кууэ мапсчэ, щыпсчэкIи и бзэгур кърешх, мэуфIыцI. Псчэмрэ фэгъазэмрэ сабийр зэрещыпхъумэн вакцинэ куэд щIащ къызэрагупсысрэ, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, къызэуалIи щыIэщ.

Зэман жыжьэм къыщэжьа узыфэ шынагъуэхэм къищынэмыщIа, нобэми цIыху къэзыгъэдзыхэ щыIэщ. Иджыри хущхъуэгъуэ къыхуамыгъуэтыфауэ, махуэ къэс гъащIэ мин бжыгъэхэр зыхьым ящыщщ гепатитыр. Абы теухуауэ дохутыр Геттуевэ Айсурэт жеIэ:

- Гепатитыр гъуэжь уз жыхуаIэращ. Зэзым билирубин хэтыр Iэпкълъэпкъым нэсу абы щыхуэмыгъэткIуэкIэ, лъым хохьэри, уз къегъэхъей. Гъуэжь узыр гриппым ебгъэщхьынущ - температурэр докIуей, щхьэузыр къохъей, Iэпкълъэпкъыр мэуз, сымаджэр гукъыдэмыжщ, ижьымкIэ дзажэкIэм деж къоуз. Ар къызыхэкIыр зэзыр зэрыбэгращ. А псори къэзыгъэхъеижыр вирусщ. Гъуэжь узыр къезыхьэкI лъыр тхьэмщIыгъум щынэскIэ, йотIысхьэри и лэжьэкIэр зэтрекъутэ.

Гъуэжь узыр къызэрыппкърыхьам гу лъыумытэурэ хэтIэсэнкIэ мэхъу. Абы къыхэкIкIэ, дэтхэнэ зыми мазих къэс дохутыр зригъэплъын хуейщ, сыт хуэдэ узыфэ къефыкIыми къиихутэн папщIэ. Иджырей зэманым, щIыуэпсымрэ тшхымрэ зэрымытэмэмыр щытщIэкIэ, абы Iэмал имыIэу гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ. МыдэкIэ, зэрысымаджэр зыщIэхэри аращ - сымаджэщым зыщригъэIэзэн, хущхъуэ зрихьэлIэн хуейщ. КIэлъыплъыныгъэхэм, къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, и чэзум къахутэу еIэзэн щIадзэмэ, гъуэжь узыр нэхъ махэ пхуэщIынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, гъуэжь узыр зэрыцIалэщ, вирус щыхъужкIэ, ар нэхъ зэуалIэхэр пирсинг куэду зезыхьэ, татуировкэ езыгъэщI, операцэ ящIа, зи дзэ езыгъэлэжьа, зил ябзэу, зилъ къижахэращи, абыхэм узэреIэб Iэмэпсымэхэр къабзэу зехъэн хуейщ.

НобэкIэ гепатит «С» зэфыкIыу, дохутыр зэзыгъэплъыну сымаджэщым екIуалIэхэм я процент 68-м къахуинауэ къыщIэкIащ, процент 28-м цирроз яIэт, адрей къэнэжахэм лышхыр япкърытт. Абы къигъэлъагъуэу къысщохъу гъуэжь узыр зэрышынагъуэ дыдэр.

Гъуэжь узым хущхъуэгъуэ къыхуамыгъуэтмэ, цIыхуищэм щыщу псори циррозым хуишэнущ. А цирроз зиIэжхэр лышхым иштэжынкIэ зэрыхъунур процент минкIэ хегъэхъуэ.

Гепатитым укIэлъымыплъмэ, умыгъэхъужмэ, узыфэ гъэтIылъа мэхъу. Спирт куэдыIуэ зэзыхьэлIэм къефыкIынкIи мэхъу ар, билирубиныр хэмытми. Апхуэдэхэм деж узыр зэрыппкърытыр къумыщIэххэу макIуэ, ауэ тхьэмщIыгъур бэгын щIидзамэ, ижьырабгъур узмэ, шхын хьэлъэхэр уэмызэгъыжу ухъуамэ, усымаджэу аращ. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэщи, гепатитыр умыгъэхъужмэ, цирроз къыхокI. Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэжращи, циррозыр лышхым хуокIуэж.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Дыгъуасэ



**Республикэм и щIалэгъуалэр жыджэру хэтщ лъы тыным теухуа псапащIэм. Гуапэщ ныбжьыщIэхэм я гупыжкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм зэрыхэтыр, лъы яткIэрэ, зыгуэрым и гъащIэ къегъэла зэрыхъур къазэрыгурыIуэр.**

**- Лъы зытыну хуейхэм илъэс къэскIэ къахохъуэ, - жеIэ Лъы щат республикэ станцым и къудамэм и унафэщI Дудар Азэ. - Псом хуэмыдэу узыщыгуфIыкIынщ ди щIалэгъуалэр зэкъуэту мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм зэрыхэтыр. Ар и щыхьэтщ гущIэгъу зыхэлъ, гулъытэ зиIэ щIэблэ къызэрытщIэхъуэм.**

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩхьэщэмыщI Изэщ.**

# ГушыIэмрэ цIыхумрэ

● Гъуазджэ


Къуныжь Алим



**Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэм Iэмал имыIэу зыгуэрым дыкъигъэпцIэным дытешыныхьу мэлыжьыхьым и 1-р къидгъэхьэ хабзэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, а махуэм къару умылъагъу гуэр хэлъщ, абы къыхэкIыуи укъагъэпцIэпауэ щытми, уи жагъуэ пщIы хъунукъым. НэгъуэщI зы Iуэхугъуи абы IуэрыIуэтэжу къыдогъуэгурыкIуэ: сыт хуэдизу бгъэщIагъуэми - Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэм дунейм къытехьэ цIыхур къызэрымыкIуэу зэчиифIэ мэхъу...**

ГУШЫIЭР и лъабжьэу Налшык илъэс къэс щекIуэкI «Ныбжьэгъухэм я гушыIэ» Кавказ Ищхъэрэ фестивалыр мы гъэм щызэхэтащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. ЩIыпIэр ауэ къыхахатэкъым: фестивалым зи цIэр зезыхьэ РСФСР-м и цIыхубэ артист ТIыхъужь Алий и гъащIэ псор зритар а театрырт.

ЦIыхубэм я гукъыдэжыр къаIэтащ ТеатрымкIэ, киномрэ телевиденэмкIэ «Зокх» студием (Ингуш Республикэ), ГушыIэмкIэ «Амиран» ЩIалэгъуалэ театрым (Осетие Ищхъэрэ-Алание), Дагъыстэн гуащэ театрым, Къэбэрдей, Балъкъэр, Урыс къэрал драмэ театрхэм, республикэм и КВН-м хэт щIалэгъуалэм. КъинэмыщIауэ, иджы япэу фестивалым къыхыхьащ Нарткъалэ къикIа щIалэгъуалэ театрыр. Абыхэм гушыIэ спектакль пычыгъуэхэр ягъэлъэгъуащ, апхуэдэуи Iуэхур ягъэдэхащ КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим, уэрэджыIакIуэ щIалэхэу ДыщэкI Артур, Тэрчокъуэ Алим сымэ, «Амикс» театрым.

Утыкур зэрыгъэщIэрэщIауэ щытами и гугъу щIыпхъэщ: лъэныкъуитIкIэ щыгъэува пкъохэм я хъуреягъкIэ кIэрылът ТIыхъужь Алий «итын хуей» гушыIэ зэхуэсхэм цIыхур езыгъэблагъэ афишэр. Къапщтэмэ, зэхыхьэм и кIыхьагъкIэ цIыхубэ артистым и зэманыр дигу къагъэкIыжу Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэм дыхагъэплъащ. Балъкъэр Юрэрэ Къардэн Зауррэ спектакль пычыгъуэхэм я зэхуакухэм утыку къихьэрт ТIыхъужьым фIы дыдэу къехъулIэу щыта образитI - Хъуэжэрэ Щукарь лIыжьымрэ - ягъэлъагъуэу. Апхуэдэуи Алий и зауэ гъуэгуанэм артистхэр тепсэлъыхьыжащ.

Гъэ къэси хуэдэу, Iэгуауэшхуэр зыхуаIэтар Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIа артистхэрт. Абыхэм икъукIэ екIуу, уеблэмэ ещхьу зыпащIыжащ ди уэрэджыIакIуэхэми (СулътIан-Ураган) дуней псом щыцIэрыIуэ артистхэми (Модерн Токинг гупым, Челентано Адрианэ, Михайлов Стас, н.).

Зэхыхьэм и кIэухым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин гушыIэ фестивалым хэтахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.

**БАГЪЭТЫР** Луизэ.
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


КIэхумахуэ ФатIимэ



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр


**ХьэцIыкIу Мадинэ** *(сэмэгумкIэ етIуанэщ)* **и еплъыныгъэр къызэIуах.**

# Зэманхэр зэпызыщIэ

**Гъатхэпэм и иужьрей махуэхэм СурэтыщI гъуазджэмкIэ музейм и пэшхэр къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу гъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу ягъэщIэрэщIат. Абы адыгэлъ зыщIэт дэтхэнэми езым пэгъунэгъу гуэр къыщигъуэтырт, макъамэм къыщыщIэдзауэ лъэпкъ хьэпшыпхэм (фэлъыркъэбыр, хьэкъущыкъухэр, тетIысхьэпIэхэр, н.) деж щиухыжу. Ауэ абыхэм я нэхъыщхьэр модельер ХьэцIыкIу Мадинэ къалэдэсхэм яхуигъэхьэзыра щыгъыныгъуэхэрт, адыгэхэм я пасэрей фащэхэм зэмыщхьу къатрищIыкIахэрт, иджырей зэманым нэхъ зэрызрахьэнум хуэдэу къригъэзэгъахэрт.**



ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР пщыхьэщхьэхуэкIуэу, цIыхухэм я лэжьыгъэр яухауэ къызэрызэIуахам и фIыгъэми, лъэпкъ фащэм гудзакъэ хузиIэ куэд зэрытхэтым и фIыщIэми, хэт ищIэн, ауэ цIыху куэд дыдэ абы кърихьэлIат. Жылагъуэ лэжьакIуэхэм, щэнхабзэм пыщIахэм, щIалэгъуалэм къинэмыщIа, выставкэм зыкърагъэхьэлIат Европэм ТхэквандомкIэ и чемпионатым хэтыну Швецием къикIа гупым хэтхэми.

«ХьэцIыкIу Мадинэ утыку кърихьэ и лэжьыгъэхэр дахагъэм и пщалъэщ. Абы и зэчиийм Кавказ Ищхъэрэ псор щыгъуазэщ, «къигъэщIхэр» хъугъуэфIыгъуэ мылъытэу щытщи. ЛIэщIыгъуэкIэрэ ди лъэпкъым къигъэгъуэгурыкIуа IэпщIэлъапщIагъэр абы къегъэщIэрэщIэж», - жиIащ Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

...Фащэхэр зэман жыжьэм къикIами, музейм и плIанэпэ къэс щIэ гуэр къыщызэIупхырт. Ахэр щэкI зэхуэмыдэхэм къыхэщIыкIат, я нэхъыбэр - шылэмрэ къэдабэмрэ. ХьэцIыкIу Мадинэ къызэрыхигъэщамкIэ, иужьрейуэ зэлэжьа апхуэдэ фащэ гупым щIэупщIэ яIэщ. Абы зыкъыхуагъазэ лъэпкъ фащэ гъэпсыкIэ яIэу хьэщIапIэ зэрыкIуэн, хьэгъуэлIыгъуэ зэрыхэтын бостей е джанэ яхуидыну гупыж зыщI куэдым. «ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ си Iуэхур къыздаIыгъыу къыздэлажьэ дэрбзэр бзылъхугъэхэм. Ахэр мыхъуатэмэ, лэжьыгъэр и кIэм нэгъэса хъуну къыщIэкIынтэкъым», - жиIащ ХьэцIыкIум и гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым. Мадинэ езым и IэкIэ дэну, зыгуэрхэр зэIуищэну, хьэпшып цIыкIухэр хидыкIыну фIэфIщ, уеблэмэ а Iуэхухэм нэхъ мыхьэнэшхуэ ириту жеIэ.

ХьэцIыкIум и гъэлъэгъуэныгъэм щызэрихьэлIахэр зэхуэгуапэт, куэд щIауэ зыпэплъа Iуэхугъуэхэм иджы ялъэIэса хуэдэ, абыхэм нэжэгужагъ яхэлът. «Мы гъэлъэгъуэныгъэм сыкъэмыкIуэн слъэкIакъым. Мадинэ и лэжьыгъэхэм сыт щыгъуи цIыхур зыIэпашэ, гукъыдэж къарет. Сыхуейт апхуэдэ дыдэу ди модельерми и гъащIэр щIэщыгъуэу екIуэкIыну, хэзыгъэплъэн Iуэхугъуэ къылъыкъуэмыкIыу лъэпкъым и «гъукIэгъэсэну» ар ящхьэщытыну», - жиIащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и унафэщI Дау Марьянэ.

Лъэпкъ фащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм къэкIуахэм гувэху музейм зыщаIэжьащ, тхыдэм и Iыхьэ нэхъ дахэм тражыIыхьын дэтхэнэми и куэдт...

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Накуэ Феликс


Ащхъуэт Ритэ


Сэралъп Мадинэ

# Япэ Iыхьэр зэриухыу, етIуанэм щIадзэ

● Футбол

**«Таганрог» (Таганрог) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (1:0). Таганрог. «Торпедо» стадион. Мэлыжьыхьым и 3-м. ЦIыху 700 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Шадыханов (Мэзкуу), Гурбанов, Дорошенкэ (тIури Краснодар щыщщ).

«**Таганрог**»: Ридош, Скляднев, Ковальский, Синицэ, Гаврилов, Гурулев, Чечулин, Заикэ, Ткач (Аркания, 70), Белоколосов, Устюжанин (Гиголаев, 79).

«**Спартак-Налшык**»: Городовой, Каркаев, Дашаев, Васильев, Семенов (ДыщэкI, 46), Гузь (Крыжевских, 73), Кузнецов, Ахриев (Огурцов, 59), Къуэн З. (Алаев, 88), Бажэ (Гуэщокъуэ, 46), Гугуев.

**Топхэр дагъэкIащ**: Устюжаниным, 43 (1:0). Гугуевым, 49 (1:1). Гугуевым З., 82 (1:2).

**Дагъуэ хуащIащ**: Заикэ, Кузнецовым, Устюжаниным, Синицэ, Склядневым.

ТХЬЭМАХУЭ ипэкIэ «Астрахань»-м драгъэкIуэкIа зэIущIэм елъытауэ Таганрог щыIэнум мыхьэнэ пыухыкIа иIэт - адэкIэ япэ дивизионым щIэбэныну пасэу хуитыныгъэ къэзыхьа хэгъэрейхэмрэ ди щIалэхэмрэ зэрызэджэгум кърикIуэр етIуанэ Iыхьэми къыщалъытэнут. Абы къыхэкIыу зэпэщIэтыныгъэр, дауи, нэхъ удэзыхьэх хъуащ.

«Спартак-Налшыкым» джэгур жыджэру иригъэжьащ икIи бжыгъэр къызэIуихыну псынщIэ дыдэу Iэмал хъарзынэхэр къыхукъуэкIащ. Арщхьэк1э Къуэн Заурбэч, Гугуев Магомед, Бажэ Амир сымэ ахэр зыIэщIагъэкIащ. Апхуэдэу щыхъум «Таганрог»-м и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ икIи япэ Iыхьэм и кIэухым ди щIалэхэм я гъуэр хагъэщIэну яхузэфIэкIащ. Тынш дыдэу Дашаевым IэщIэкIыу Устюжаниныр зэуа топым Городовойр пэлъэщакъым.

0:1-уэ къыхагъащIэу загъэпсэхуну зэрикIам налшыкдэсхэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр джэгум халъхьэну къахуигъэуващ. Семеновымрэ Бажэмрэ я пIэкIэ губгъуэм кърагъэхьащ ДыщэкIымрэ Гуэщокъуэмрэ. Абыхэм джэгум псэщIэ халъхьащ. Арати, 49-нэ дакъикъэм бжыгъэр зэхуэдэ хъужащ. Каркаевыр штрафнойкIэ зэуа топыр гъуащхьэм техуэри къигъэлъеижащ икIи Гугуевыр абы япэу нэсри дигъэкIащ.

АдэкIи «Спартак-Налшыкыр» хэпщIыкIыу нэхъыфIащ. Къапщтэмэ, Гуэщокъуэр къыфIэмыIуэхуххэу хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъумэ зыщыплIым зэуэ щаIэщIэкI щыIэт. Арщхьэк1э текIуэныгъэр къахуэзыхьа топыр ди щIалэхэм щыдагъэкIар джэгур и кIэм нэблэгъауэщ. Гуэщокъуэр штрафнойкIэ зэуа топым «Таганрог»-м и футболистхэм ерагъыу кърагъэгъэзауэ аращ, ауэ абдежым къыщыхуэта Гугуевым и удыныр яхуэгъэвакъым.

Арати, 2:1-уэ текIуауэ налшыкдэсхэм зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр яухащ. АдэкIэ зэпеуэм дызыхуэкIуэ махуэкум къыпищэнущ - япэ, етIуанэ гупхэм щынэхъыфIа командэ хырых япэ дивизионым щIэбэнынущ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэм ипкъ иткIэ кIэухыу зэхэта джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Абыхэм языныкъуэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Къапщтэмэ, Мейкъуапэ и «Дружба»-мрэ Волгоград и «Ротор»-мрэ иужьу къахьа текIуэныгъэхэращ нэхъыфIхэм хэзыгъэхьар. **1 гуп**: «**Биолог-Новокубанск**» (Новокубанск) - «**Сочэ**» (Сочэ) - **2:1**, «**Витязь**» (Крымск) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Торпедо**» (Армавир) - **3:1**; **2 гуп**: «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Алания**» (Владикавказ) - **0:0**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Тэрч-2**» (Грознэ) - **1:1**, **МИТОС** (Новочеркасск) - «**Ротор**» (Волгоград) - **0:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Динамо-ГТС**» (Ставрополь) - **0:2**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014 - 2015 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм хыхьэ зэпеуэм мэлыжьыхьым и 9-м щIидзэнущ. А махуэм ди щIалэхэм кърагъэблэгъэнущ зэгуэрым Налшык и «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэу щыта Ешыгу Сэфарбий иджы и унафэм щIэт «IэфIыпс» командэр.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

**Гу зылъытапхъэ**: Дапхуэдиз очко бжыгъэ яIэу командэхэр зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм хыхьами нэхъ иужьыIуэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм 2014 - 2015 гъэхэм я зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр зэрыщекIуэкIам кърикIуар 1 гуп*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Черноморец» | 14 | 9 | 4 | 1 | 28-14 | 31 |
| 2. «IэфIыпс» | 14 | 9 | 2 | 3 | 19-12 | 29 |
| 3. «Витязь» | 14 | 9 | 1 | 4 | 22-17 | 28 |
| 4. «Торпедо» | 14 | 7 | 3 | 4 | 24-18 | 24 |
| 5. «Биолог-Новокубанск» | 14 | 5 | 1 | 8 | 16-20 | 16 |
| 6. «Дружба» | 14 | 3 | 2 | 9 | 13-20 | 11 |
| 7. «Краснодар-2» | 14 | 3 | 1 | 10 | 15-24 | 10 |
| 8. «Сочэ» | 14 | 2 | 4 | 8 | 14-26 | 10 |

*2 гуп*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Динамо-ГТС» | 20 | 11 | 5 | 4 | 23-11 | 38 |
| 2. МИТОС | 20 | 9 | 7 | 4 | 30-13 | 34 |
| 3. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 20 | 9 | 6 | 5 | 25-22 | 33 |
| 4. «Спартак-Налшык» | 20 | 9 | 6 | 5 | 28-16 | 33 |
| 5. «Таганрог» | 20 | 7 | 7 | 6 | 18-18 | 28 |
| 6. «Ротор» | 20 | 7 | 6 | 7 | 26-24 | 27 |
| 7. «Ангушт» | 20 | 5 | 8 | 7 | 13-23 | 23 |
| 8. «Анжи-2» | 20 | 5 | 7 | 8 | 15-22 | 22 |
| 9. «Алания» | 20 | 5 | 6 | 9 | 21-33 | 21 |
| 10. «Тэрч-2» | 20 | 3 | 9 | 8 | 12-18 | 18 |
| 11. «Астрахань» | 20 | 4 | 5 | 11 | 19-29 | 17 |

● Регби

# Я зэфIэкIыр ягъэлъагъуэ

**Налшык дэт курыт еджапIэ №23-м и джэгупIэ губгъуэм щекIуэкIащ 2003 - 2004 гъэхэм къалъхуа сабийхэм регбимкIэ я къалэ зэпеуэхэм я етIуанэ Iыхьэр. Зэхьэзэхуэхэр къызэригъэпэщащ Налшык дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №4-м.**

ЗЭПЕУЭМ команди 4 щызэрихьэлIащ икIи дэтхэнэми и зэфIэкIыр здынэсыр игъэунэхуну Iэмал иратащ.

Зэхьэзэхуэм бжыпэр щаубыдащ курыт еджапIэ №25-м и регбистхэм. Ахэр илъэс кIуам 4-нэ увыпIэрщ здэщытар. А гъэ дыдэм щыпашэу щыта школ №9-р етIуанэ увыпIэм иджы кIуащ. Ещанэр хуагъэфэщащ СОШ №19-м и спортсменхэм.

Сабийхэр зэпеуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Тхьэгъэзит Алимбэч, Щауэ Алим, Горностаев Игорь, Бэрбэч Азэмэт, Нало Алим, Щоджэн Альберт сымэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Дигу ихунукъым

● Фэеплъ



**ГъащIэмрэ ажалымрэ зэхуэдэ увыпIэ щаIэщ дунейм. И ныбжьым емылъытауэ, зи уахъты къэсар дунейм йохыж, и цIэмрэ и IуэхущIафэмрэ къызэренэкIри. ЦIыхум и цIэр къраIуэху езыри псэущ жаIэ. Дыгулыбгъуей жылэм щыщ Хэжь Iэдиб дунейм зэрехыжрэ илъэс зыбжанэ хъуами, ар ящыгъупщакъым и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм.**

УНАГЪУЭ дахэ къыщIэнащ Iэдиб, и IуэхущIафэхэм къыпащэрэ и фэеплъыр яхъумэу. Зи щIалэгъуэ лъандэрэ спортым дихьэх щIалэр бэнэкIэ хуитымкIэ спортым и мастерт. УзыншагъэмкIэ зэрысэбэпыр, езым фIыуэ зэрилъагъур арагъэнт езым и къуэхэри абы щIыхишар. Хэжьхэ Анзори, Артури, Темыри я гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ спортым. АдэфIым хуэщ къуэуэ къыщIэкIри, щIалэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтащ, спортым ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ, унагъуэ дахэ яухуащ адэ-анэм я щапхъэр я гъуазэрэ я жыIэр тIу ямыщIу. Абыхэм закъыкIэримыгъэхуу и гъащIэ лъагъуэр пхишащ хъыджэбз закъуэ Анжели. Iэдиб хунэсащ и къуэрылъху цIыкIухэри гъуэгу пэж тригъэувэн, спортым хишэн. Иджы абыхэм я ехъулIэныгъэхэрщ и псэр зыгъэгуфIэнур, и фэеплъыр зыгъэлъэпIэнур.

ЦIыху гуапэу, щыпкъэу дунейм тетащ Iэдиб. Сыт щыгъуи лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытащ, цIыхухэм пэжу ябгъэдэтащ. Адэм и гумащIагъэр яхурикъурт и бынхэми, абыхэм къалъхужахэми, и гулъытэр ялъысырт и гъунэгъухэми и ныбжьэгъухэми. Ауэ ажалым цIыху зэхэгъэж ищIыркъым, абы и Iэ щIыIэр зытеIэбэр елъытакъым цIыхуфIагъыми, щхьэпагъми. Iэдиб и гъащIэр къызэпыудащ и ныбжьыр илъэс 60 иримыкъу щIыкIэ. Куэд къимыгъэщIами куэд хузэфIэкIащ зыхужаIэхэм ящыщщ Хэжьыр. Ар къегъэлъагъуэ абы и фэеплъыр зыхъумэ, и цIэр къизыIуэ, и пщIэр зыIыгъ и бынхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм ноби хужаIэ псалъэ гуапэхэмрэ ягу къызэрагъэкIыжымрэ.

**ДЭХЪУШОКЪУЭ Синэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.).* *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.**

**Индексыр 51531 ●Тираж 4.248 ●Заказ №565**